

## RINGKESAN

Dina proses diajar siswa anu katinggal masih kirang ceukap sareng hasil diajar siswa anu masih dihandap janten masalah dina ieu panaliktikan diajar kedah aya proses interaksi timbal balik antara guru sareng murid atanapi murid sareng murid anu sanesna. Panaliktikan ieu gaduh tujuan pikeun masihan teurang pangaruh pamakean model pangajaran *Blended Learning* kana hasil diajar siswa kelas IV SDN 031 Pelesiran Bandung. Panaliktikan ieu nganggo pangajaran kuantitatif kalawan desain panaliktikan nyaeta nganggo desain kuasi eksperimen (*quasi experimental design*). Sampel dina ieu panaliktikan nyaeta kelas IV B anu kawangun ku 22 siswa salaku kelas eksperimen sareng kelas IV A anu kawangun ku 22 siswa salaku kelas kontrol. Ieu panaliktikan nganggo instrumen tes awal sareng tes ahir anu ngabentuk patarosan pilihan ganda. Tehnik analisis data anu dianggo dina ieu panaliktikan nyaeta uji-t. Data nilai *posttest* kelas eksperimen sareng kelas kontrol teras diuji hipotesis nganggo rumus *independent sample t-test* pikeun nangtoskeun pangaruh model pangajaran *Blended Learning* kana hasil diajar siswa. Hasil etangan nganggo rumus *independent sample t-test* kauninga yen nilai  $t$  dietang saageung  $|3,012| > 2,079$   $t$  tabel sarta ngagaduhan nilai sig Saageung 0.004 (sig.  $> 0.05$ ) anu hartina bisa dicindeukkeun yen aya pangaruh anu signifikan kana nilai *posttest* hasil diajar siswa dikelas eksperimen sareng kelas kontrol, hartina aya pangaruh anu positip jeung signifikan dina model pangajaran *Blended Learning* kana hasil diajar siswa tema 9 beungharna nagara urang subtema 3 nyaeta ngalestarikeun kabeungharan sumber daya alam di indonesia dikelas IV SDN 031 Pelesiran Bandung.

Kecap konci : *Blended Learning*, Hasil Diajar